# Xalıqtı dizimge aliw hár on jilda ótkeriledi

Mámleketimiz  basshısı tárepinen  «Xalıqtı dizimge alıw  tuwrısında»ǵı  Ózbekstan Respublikasınıń Nızamı tastiyqlanǵan. Bul Nızam xalıqtı dizimge alıw salasındaǵı munasábetlerdi hár tárepleme tártipke salıwshı dáslepki qabıl etilgen huqıqıy   hújjet retinde Ózbekstan tariyxınan  orın aldı. Sebebi usı waqıtqa shekem bul tarawda nızamshılıǵımızda hesh qanday hújjet joq edi. Nızam Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 5 fevral daǵı  «Ózbekstan Respublikasında xalıqtı dizimge alıwdı ótkeriw Konceptsiyasın tastıyıqlaw  tuwrısında»ǵı Pármanına muwapıq islep shıǵıldı. Nızamdı islep shıǵıwda BMSh hám Evropa statistleri konferenciyasınıń  xalıqtı dizimge alıwdı ótkeriw boyınsha tiykarǵı principlerı hám usınıslarınan tiykar retinde paydalanıldı. Nızam bes bap hám otız bir statiyadan ibarat  bolıp, onda  Nızamnıń  maqseti, tiykarǵı túsinikler, xalıqtı dizimge alıwdıń wazıypaları  hám principleri kórsetip berilgen. Tiykarǵı principlerden biri, xalıqtı dizimge alıw on jılda keminde bir ret ótkeriliwi hámde xalıqtı dizimge alıwdı ótkeriw tuwrısındaǵı qarar Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen qabıl etiliwi belgilep qoyılǵan. Proceste shaxsqa tiyisli maǵlıwmatlar Ministrler Kabineti tárepinen tastıyıqlanatuǵın dizimge aliw blankalari tiykarında dizimge alıwshı shaxslar tárepinen úyme-úy júrip, hár bir respondent ushın bólek toldırıladı.

**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması**

**Dizimge alıw jumısların shólkemlestiriw hám ótkeriw bólimi**